**दिन—शुक्र** **दिनांक—01.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

उत्तर बिहारक पाँच प्रमंडल कोसी, पूर्णियां, सारण, तिरहुत आ दरभंगाक सभ जिला मे आइ सँ धानक सरकारी खरीद आरम्भ भऽ गेल अछि। सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार जनौलनि जे दक्षिण बिहारक चारि प्रमंडल मे पन्द्रह नवंबर कऽ पैक्स आ व्यापार मंडलक माध्यम सँ धानक खरीद कयल जायत। धान खरीदक समय सीमा अगिला वर्ष पन्द्रह फरवरी धरि निर्धारित कयल गेल अछि। डॉक्टर कुमार जनौलनि जे एहि बेर पैंतालीस लाख टन धान खरीदक लक्ष्य राखल गेल अछि। कृषि विभागक पोर्टल पर निबंधित रैयत किसान सभ सँ अधिकतम दू सय पचास क्विंटल आ गैर—रैयत किसान सभ सँ अधिकतम एक सय क्विंटल धानक खरीद कयल जायत। ओ जनौलनि जे धान क्रय करबाक अड़तालीस घंटाक भीतर किसान लोकनिक बैंक खाता मे डीबीटीक माध्यमे भोगतान सुनिश्चित कयल जायत। सहकारिता मंत्री जनौलनि जे विभाग एहि बेर धान बेचयवला किसान सभ के बोनस देबा पर विचार कऽ रहल अछि।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे धान अधिप्राप्ति के लऽकऽ उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। श्री कुमार अधिकारी लोकनिक संग खरीदक प्रक्रिया सुगम बनेबा, किसान सभ के तय सीमाक भीतर भोगतान सुनिश्चित करबा आ बिचौलिया सभ पर नजरि रखबाक निर्देश देलनि। बैसकक बाद सहकारिता मंत्री प्रेम कुमार जनौलनि जे सरकारक प्राथमिकता न्यूनतम समर्थन मूल्य पर किसान सभ सँ धानक अधिप्राप्ति सुनिश्चित करब अछि।

---

केन्द्र सरकार नमो ड्रोन दीदी योजनाक संचालन संबंधी दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। कृषि आ किसान कल्याण मंत्रालयक दिशा निर्देशक अनुसार योजनाक संचालन केन्द्रीय स्तर पर एक अधिकार प्राप्त समिति करत। एहि समिति मे कृषि आ किसान कल्याण विभाग, ग्रामीण विकास विभाग आ उर्वरक विभागक सचिव सम्मिलित होयताह। ड्रोनक खरीदक लेल लागति कैँ अस्सी प्रतिशत भाग महिला स्वयंसेवा सहायता समूह सभ कैँ देल जायत। एहि सहायताक अधिकतम राशि आठ लाख टाका होयत। स्वयं सहायता समूहक कोनो एक सदस्य के ड्रोन पायलटक रूप मे प्रशिक्षण देल जायत। संगहि कृषि पोषक तत्व आ कीटनाशकक उपयोगक अलग सँ प्रशिक्षण देल जायत। उर्वरक विभाग राज्य सरकारक विभाग सभ ड्रोन उत्पादक, स्वयं सहायता समूह आ किसान सभक संग समन्वय स्थापित करत।

———————————————————————

रेल टिकटक अग्रिम आरक्षणक लेल नव नियम आइ सँ लागू भऽ गेल। रेलवे अग्रिम आरक्षणक समय सीमा एक सय बीस दिन सँ घटा कऽ साठि दिन कऽ देलक अछि। यद्यपि एहि वर्ष एकतीस अक्टूबर धरि कयल गेल सभ आरक्षित टिकट यथावत रहत। रेल मंत्रालयक अनुसार साठि दिन पहिलुका आरक्षण सँ टिकट जमा करबाक संभावना कम होयत आ यात्री सभ के बेसी टिकट जारी कयल जा सकत। मंत्रालय जनौलक जे विदेशी पर्यटक लोकनिक लेल तीन सय पैंसठि दिनक अग्रिम आरक्षणक प्रावधान मे कोनो परिवर्तन नहि कयल गेल अछि।

———————————————————————

राज्यक चारि विधानसभा सीट बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उप चुनावक लेल राजनीतिक दल प्रचार अभियान तेज कऽ देलक अछि। भाजपा, जदयू, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चा सहित एनडीएक सभ घटक दल अपन प्रत्याशी लोकनिक जीत सुनिश्चित करबाक लेल लगातार जनसभाक आयोजन कऽ रहल छथि। ओतहि, इंडिया गठबंधनक दिस सँ सेहो राजद, कांग्रेस आ वामदल सभक नेता चुनाव प्रचार अभियान चला रहलाह अछि। जनसुराज सहित आन राजनीतिक दल आ निर्दलीय प्रत्याशी सभक सेहो प्रचार अभियान जारी अछि। एहि सीट सभ पर तेरह नवंबर कऽ मतदान होयब अछि।

———————————————————————

दिवालीक बाद राजधानीक पटना सहित प्रदेशक सभ प्रमुख शहर मे वायु प्रदूषणक स्तर खतरनाक श्रेणी मे पहुँचि गेल अछि। नेशनल एयर क्वालिटी इंडेक्सक अनुसार आइ मुजफ्फरपुरक हवा सभ सँ बेसी प्रदूषित रहल। एतुका ए.क्यू.आई तीन सय अड़तालीस दर्ज कयल गेल। ओतहि, हाजीपुरक ए.क्यू.आई तीन सय बाईस आ पटनाक ए.क्यू.आई तीन सय छओ दर्ज कयल गेल। एकर अतिरिक्त बेगूसरायक ए.क्यू.आई दू सय अंठावन, पूर्णियांक दू सय पैंतालीस आ सहरसाक दू सय बत्तीस दर्ज कयल गेल।

---

मोक्षदायिनी उत्तरवाहिनी गंगा तट पर एहि दिन आस्था आ भक्तिक स्वरूप कल्पवास मेलाक लऽकऽ बेगूसरायक सिमरिया धाम मे बिहारक संग–संग पड़ोसी राज्य झारखंड उत्तर प्रदेश, पश्चिम बंगाल आ ओडिसा सँ श्रद्धालु लोककिन पहुँचबाक क्रम जारी अछि। नेपाल सँ सेहो श्रद्धालु लोकनि गंगा स्नानक लेल पहुँचि रहलाह अछि। ऐहेन मान्यता अछि जे राजा जनक के समय सँ कल्पवास मेलाक परम्परा चलि आबि रहल अछि। श्रद्धालु लोकनि एक मास धरि गंगा कात कुटीर बना कऽ माँ गंगाक आराधना करैत छथि। एहि बेर ई मेला सोलह नवंबर धरि चलत।

---

समाप्त